

Boston Nature Center

Sant Konsèvasyon Anviwonmantal George Robert White sitiye nan Boston Nature Center on refij ki kouvri 67 ekta teren Boston Nature Center la ap dirije. Boston Nature Center se youn nan 43 refij zannimo sovaj ke piblik la ka vizite, epi ki sèvi baz pou travay konsèvasyon, edikasyon ak lit' ke Audubon ap mennen nan Eta Masachousèt. An plis de sa, Boston Nature Center, se yon sant edikasyon ki chita nan kominote ya pou pote limyè sou lasyans ak anviwònman an pou plizyè mil timoun ak granmoun.

Men lè yo travay: *Lèndi a Vandredi, nevè (9) dimaten jiska senkè (5) nan laprèmidi ; Samdi, Dimanch, et jou konje, dizè (10) dimaten jiska katrè (4) nan laprèmidi.*

Pis la louvri bonè maten jiska lanjèlis, chak jou

Fon George Robert White, Vil Boston

Fon George Robert White, etabli an mil nèf san vennde (1922) gras a eritaj George Robert White, se yon fon charite piblik nan vil Boston. Fon White se yon fon devlopman et akizisyon kapital gen yon sous inik, et li genyen tit pwopriyete 21 edifis li konstwi nan Boston. Li an-fèmen "pwodwi fon" sa yo avèk ajans Vil la yo, ak òganizasyon san-pwofi pou benefis tout abitan Boston. Se Biwo Sosyete Envestisman Depatman Trezò Vil Boston ki jere fon sa a.

Massachusetts Audubon Society

Massachusetts Audubon Society se pi gwo òganizasyon konsèvasyon nan Nouvè Angletè; li konsantre efò li pou pwoteje anviwònman natirèl nan Masachousèt pou moun ak tout bèt sovaj. Fonden an 1896 et sipòte 65 mil kay lafanmi, Massachusetts Audubon Society pwoteje plis pase 30 mil ekta teren konsèvasyon; li ofri pwogram edikasyon pou 250 mil timoun ak granmoun chak ane, epi li kanpe pou defann politik anviwònman ki dwat nan nivo local, nivo Eta a, ak federal. Vizite nou nan www.massaudubon.org pou plis infomasyon.

Remèsiman

Sant Konsèvasyon Anviwonmantal la te fonde gras a kolaborasyon yon ekip Achitèk yo rele IKON Achitekti ki te rele avan sa Praymèri Gwoup, Stivens Wintèz et Asosye.

Mèsi espesyal pou Alyans Konsomatè Enèji Masachousèt la pou sèvis konsiltasyon nan pwogram edikasyon ak pote kole.



Moun ki peye pou Bwochi sa a



Bilding nan Boston ki Anseye Moun...

The George Robert White Environmental Conservation Center nan Boston Nature Center de Mass Audubon

Plan Modèl Yon Bilding "Vèt"

- Materyo ki bon Pou Anviwonman Natirèl
 - Bon pou Konsève Enèji
 - Enèji Renouvlab



George Robert White Environmental Conservation Center
Boston Nature Center
500 Walk Hill St.
Mattapan, MA 02126
ph 617-983-8500

Thomas M. Menino,
Mayor, City of Boston

Yon angajman an favè Anviwonman an

Sant Konsèvasyon Anviwonman George Robert White te grandi apati yon angajman fò an favè konsèvasyon et pwoteksyon anviwonman an kont alafwa Vil Boston an ak tout Massachusetts Audubon Society.

Nan Etazini, bilding konte pou

- ▽ 36% nan tout enèji ki itilize
- ▽ 30% gaz ki degaje nan atmosfè ya
- ▽ 30% nan matryèl brit ki itilize
- ▽ 30% dechè (136 milyon tòn chak ane)

Bilding “Vèrt” tankou sa Environmental Conservation Center la bati ya, konstwi ak plis entelijans. Bilding sa a brile 30% mwens enèji ke yon bilding konvansyonèl, li sèvi ak mwens resous natirèl, epi'l kree yon espas ki si e sen pou moun ki ladan'l.

...Epi kominote ya tou

Non selman ke'l sèvi kòm modèl plan “vèrt” nan rejyon an, Environmental Conservation Center la konsantre plis sou bezwen kominote lokal la. Boston Nature Center se yon plase ki katye rezidansyel Vil Boston ki pi popilè, kote gen plis ke 230 mil abitan, et plis ke 40 lekòl nan 3 kilomèt edmi. Oganizasyon ak reprezantan kominote ya te fè pati preparasyon plan an depi lè li fèk boujonnen, epi ide pa yo kontinye ap devlope pwogram yo epi fason ke refij natirèl la opere.

Resous Bilding “Vèrt”

Pou plis detay sou bilding “vèrt:”

- Konsey Bilding Vèrt Nan Etazini, www.usgbc.org
- Depatman Enèji Etazini, Biwo Eneji Efisyan, et Eneji Renouvalab, www.highperformancebuildings.gov
- Asosyasyon Eneji Dirab Nordès, www.nesea.org
- www.capital-E.com, ki note Benefis Finansye de Bilding “Vèrt” pa Greg Katz
- Inite Militè Bilding Vèrt nan Boston, www.bostongreenbuilding.org

Andedan Sant Konsèvasyon Anvironman George Robert White

Fenet Byen-Plase maksimize kantite limye natirèl ki antre nan bilding nan et pemet yo itilize yon ti kras limye atifisyel. Chanm yo genyen detecte fotoselile ki ajiste liminozite ya selon kantite limye natirèl ki antre nan chanm nan.

Poto Travès ak Poto an bwa se bwa espesyal pou konstriksyon ki fèt avek fib bwa ke souvan yo konn pa itilize nan minotri

Materyo Resikle
Nou jwenn sa nan plizyè fonksyon nan kay la tankou kapèt, kawo planche, bouch twalèt, mèb pou biwo.

Peyizaj akote bilding nou genyen espès plant natif ki fè bèt sovaj yo santi yo lakay yo

Penti ak Kapèt ki pa Degaje anpil pemet gen pi bon kalite lè andedan kay la.

Ponp Chale Geotemik rale dlo soti mil pye anba sifas late, kote tanperati mwayen dlo se senkann senk degre. Sistem sa a kenbe kay la cho an lve, e fre an Ete.

Treng Bwa Fotovoltayik nan fasad sid do kay la konvèti enèji soley la an elektrisite. Limye ki sevi ak soley itilize menm teknoloji sa a pou klere paking ak antre devan kay.

Pano Termik Soler sevi ak enèji soley la pou chofo dlo pou bilding nan.

Fenet an treyi bare fasad sid bilding nan. Pandan lete, fey lyann pouse, bouche fenet yo e diminie sou kantite chale ki antre nan bilding nan.

Materyo Lokal, tankou Roxbury Puddingstone ki sèvi nan pò anbakasyon an piè yo, pa bay traka pou transpòtasyon epi yo sipòte ekonomi lokal la.

Resous Renouvalab, yo ka boujonnen re-pouse vit epi grandi, yo sèvi nan anpil pati nan konstriksyon kay. Sa inkli linoleyum natirèl ki fè atè ya, avek kouvèti an bwa.



Pou plis infomacion vizite: www.massaudubon.org/Boston